

Gason, fi ak egalite sèks nan Bib la



Kretyen pou egalite bibliik

Bib la anseye egalite total ant gason ak fi, nan Kreyasyon e nan Delivrans (Jen 1:26-28, 2:23, 5:21, 1 Kor 11:11-12, Gal 3: 28, 5:1)¹.

Bib la di Bondye revele tèt li nan totalite Ekriti Sen yo, ki se Pawòl Bondye ofisyèl ki pa gen anyen yo ka retire ladan li (Mat 5:18; Jan 10:35; 2 Tim 3:16; 2 Pyè 1:20-21). Nou kwè nou dwe eseye konprann Ekriti Sen yo nan totalite yo pou chak sijè yo anseye. Nou konnen nou bezwen fè diferans ant enspirasyon ak entèpretasyon: enspirasyon genyen pou li wè ak vwa Bondye anndan nou ak kontwòl Bonbye sou nou ki vin bay totalite Ekriti kanonik yo, ki se Pawòl Bondye; entèpretasyon genyen pou li wè ak apwòch moun k ap chache konprann verite ki revele anndan totalite Ekriti Sen yo ak Lespri Sen k ap gide yo. Pou yo toujou viv selon sa Bib la di, Kretyen pa janm dwe sispann verifye lafwa yo ak lavi yo anba limyè Ekriti Sen yo.

Verite Bib la

Kreyasyon

1. Bib la anseye nou Bondye te kreye ni gason ni fi pou te ak li. Yo tou 2 (gason ak fi) te an kontak dirèk ak Bondye, yo te pataje responsablite pou fè, pote ak leve pitit, e yo te genyen pouvwa sou Kreyasyon an (Jen 1: 26-28).
2. Bib la di Bondye te kreye fi ak gason pou yo te ka viv e fonksyone ansanm nan menm nivo egalego, nèt ale. Tèks orijinal Jen 2:14 sèvi ak mo "ezer" (oswa "ezè" tankou nan "Ebenezè")² pou fi a, ki vle di "moun k ap ede". Pi fò kote mo sa a parèt nan Ansyen Testaman se Bondye li vle di (pa egzanp 1 Sam 7:12, Sòm 121:1-2). Kidonk, mo sa a pa janm vle di fi a pi ba oubyen enferyè devan gason.
3. Bib la di jan fi te kreye apati gason montre inite ak egalite fondamantal ant tout moun (Jen 2:21-23). Nan Jen 2:18, 20, mo "kenegdo", ki vle di "ki sanble avè l"³, montre egalite ant gason ak fi, ak jan youn ale ak lòt.
4. Bib la di ni gason ni fi te patisipe ansanm nan Chit la: Adan pa t ni plis ni mwens koupab pase Èv (Jen 3:6, Wom 5:12-21; 1 Kor 15:21-22).
5. Bib la di pouvwa Adan sou Èv te soti nan Chit la, kidonk li pa t fè pati premye lòd ki te kreye a. Jen 3:16 ap di alavans sa ki pral rive akòz Chit la, men li pa bay lòd Bondye nan kondisyon nòmal ideyal.

Delivrans

¹ Nòt tradiktè a: pou abrevyasyon tit Liv yo an Kreyòl, nou sèvi ak Bib La, Société Biblique Haïtienne, Edisyon 1999, nan nouvo otograf la.

² Nòt tradiktè a.

³ Nòt tradiktè a: tradiksyon Société Biblique Haïtienne sèvi nan Bib La, Edisyon 1999, nan nouvo otograf la, dapre tèks Ebre ak tèks Grèk yo.

Gason, fi ak egalite sèks nan Bib la

6. Bib la di Jezikri te vin delivre fi menm jan ak gason. Pa lafwa nan Kris, nou tout tounen pitit Bondye, konsa n ap jwenn eritaj benediksyon ak sali san gade sou ras, ran sosyal, oswa si se fi oubyen gason nou ye. (Jan 1:12-13; Wom 8:14-17; 2 Kor 5:17; Gal 3:26-28).

Kominote

7. Bib la di, nan Lapannkòt, Lespri Sen te vini ni sou gason ni sou fi. Lespri Sen anvayi fi ak gason san diferans, e li separe don l yo san preferans pou sa k fi ak sa k gason (Tra 2:1-21; 1 Kor 12:7, 11, 14:31).

8. Bib la di ni fi ni gason genyen pou yo devlope don Bondye ba yo, epi sèvi ak yo antanke bon jeran gras Bondye a (1 Pyè 4:10-11). Ni gason ni fi resevwa don Bondye ki ba yo pouvwa ministeryèl sou tout Kò Kris la, anba otorite li (Tra 1:14, 18:26, 21:9; Wom 16:1-7, 12-13, 15; Fil 4:2-3; Kol 4:15; epitou al gade Mak 15:40-41, 16:1-7; Lik 8:1-3; Jan 20:17-18; ou kapab fè konparezon ak egzanp nan Ansyen Testaman: Jij 4:4-14, 5:7; 2 Kwo 34:22-28; Pwo 31:30-31).

9. Nan ekonomi Nouvo Testaman, Bib la di ni fi ni gason kapab pwofèt, prèt ak Wa oswa Rèn (Tra 2:17-18, 21:9; 1 Kor 11:5; 1 Pyè 2:9-10; Rev 1:6, 5:10). Kidonk, lè nou pran 2-3 tèks izole ki limite libète total fi yo, nou pa dwe entèprete yo twò vit an kontradiksyon ak rèss Ekriti Sen yo, men nou dwe gade ki lyen yo genyen ak ansèyman jeneral Ekriti sa yo, nan totalite yo.

10. Bib la defini fonksyon yon chèf kòm yon pouvwa lòt moun ba li pou li rann yo sèvis, men pa pou li egzèsè pouvwa li sou yo (Mat 20:25-28, 23:8; Mak 10:42-45; Jan 13:13-17; Gal 5:13; 1 Pyè 5:2-3).

Fanmi

11. Bib la di mari ak madanm, se tou 2 eritye gras lavi yo ye, e yo makonnen youn ak lòt nan yon relasyon soumisyon ak responsablite youn devan lòt (1 Kor 7:3-5; Ef 5:21; 1 Pyè 3:1-7; Jen 21:12). Nou dwe konprann wòl mari a kòm yon "chèf" (*kephale*) k ap ofri tèt li nan lanmou ak sèvis anndan relasyon soumisyon youn devan lòt sa a (Kol 3:19; 1 Pyè 3:7).

12. Bib la di ni manman ni papa dwe pataje wòl chèf nan bay timoun yo swen, levasyon, disiplin ak konesans (Egz 20:12; Lev 19:3; Det 6:6-9, Prov 1:8, 6:20; Ef 6:1-4; Kol 3:20; 2 Tim 1:5; epitou al gade Lik 2:51)

Aplikasyon pratik

Kominote

1. Anndan legliz, yo dwe rekonèt don Bondye bay fi ak gason. Se pou yo devlope don sa yo pou yo ka itil nan ministè ansèyman ak sèvis nan tout nivo patisipasyon: kòm lidè ti gwoup, kòm konseye, kòm fasilitatè, kòm administratè, kòm gid, pou sèvi kominyon epi kòm manm konsèy administrasyon, nan sèvis pastoral, nan ansèyman, nan prèch e nan adorasyon. Se konsa legliz la ap onore Bondye antanke sous tout don espirityèl. Se konsa tou legliz la ap egzekite lòd Bondye te ba li pou li byen jere tout resous li yo, yon jan pou li evite gwo kokennchenn gaspiyay pou wayom Bondye ki fèt lè yo anpeche yon mwaye nan tout manm legliz la patisipe nan pozisyon ki genyen responsablite ladan yo.

2. Legliz dwe ofri rekonesans piblik bay ni fi ni gason ki angaje nan ministè sèvis ak lidèchip. Konsa, legliz ap bay egzanp inite ak amoni ki ta dwe egziste nan yon kominote kwayan. Nan monn sa a ki divize ak

Gason, fi ak egalite sèks nan Bib la

diskriminasyon ak esklizyon, legliz la ap mete tèt li apa pou li pa danse kole ak sistèm ki fè fi santi yo gen mwens valè paske se fi yo ye. Sa ap pèmèt yo pa kite legliz la, ni yo pa rejte fwa Kreyen yo.

Fanmi

3. Anndan yon fwaye Kreyen, ni mari ni madanm dwe remèt tèt yo youn ak lòt nan chache satisfè preferans yo, dezi ak aspirasyon yo. Youn nan yo pa dwe domine lòt la, men yo chak dwe aji kòm sèvitè lòt la, ak imilite, epi gade lòt la kòm pi bon pase tèt li. Sizoka yo pa ka antann yo, yo dwe chache solisyon ak metòd rezolisyon konfli ki nan Bib la, olye pou youn nan yo ta fòse desizyon pa l sou tèt lòt la. Konsa, mari ak madanm ap pèmèt fwaye Kreyen yo kanpe an kwa devan abi pouwva ki konn fèt anndan fanmi, e y ap pwoteje kay la kont abi fanm ak timoun konn sibi lè moun konprann wòl "chèf" mari a nan sans iyerachik.

4. Anndan fwaye Kreyen an, mari ak madanm dwe aprann pataje responsablite lidèchip selon talan, konpetans ak disponiblite tou 2, epi yo dwe pwoteje sila nan yo 2 ke desizyon y ap pran an pral afekte piplis.

Konsa, y ap aprann respekte konpetans yo ak sa ki pèmèt youn konplete lòt. Sa pral pèmèt yo evite pou youn nan yo toujou pedi e toujou rete anba lòt la, ki konn mennen nan konpòtman manipilasyon ak flatratri oswa manti pou moun nan kapab pwoteje tèt li kont imilyasyon. Lè mari ak madanm tabli maryaj yo sou yon baz patenarya, y ap pèmèt fwaye a pa koule nan vag kantite maryaj ki kraze oswa ki tou mouri akòz mekanste ak enjistis.

5. Anndan fwaye Kreyen an, mari ak madanm ki pataje libète yo jwenn nan Kris la ap kapab viv byen san yo pa bezwen santi yo koupab, oswa tonbe nan ipokrizi pou sa. Y ap ka jwi lavi yo nan responsablite yo genyen youn pou lòt devan Kris la. Se konsa y ap montre a klè obèyans yo a Ekriti Sen yo, y ap montre egzanp yon fwaye modèl pou lòt fwaye k ap chache libète nan Kris, epi y ap kanpe an kwa devan sistèm dominasyon ak inegalite ki konn genyen nan legliz e nan fanmi.

Nou kwè jan nou pale sou egalite bibliki nan dokiman sa a, se bon verite ki ekri nan Bib la.

Nou kanpe ansanm sou konviksyon nou ke Bib la, nan totalite li, se Pawòl libète ki bay pi bon fason pou fi ak gason mete an pratik don Lespri Sen separe ba yo, ki vle di pi bon fason pou sèvi Bondye.

Limyè Lavi ak Beyond Borders te adapte tèks sa a soti nan yon tèks ki te ekri pa Christians for Biblical Equality, nan 1989. Pou plis ransèyman sou Christians for Biblical Equality oubyen tèks orijinal ann Anglè oubyen Franse, ale nan www.cbeinternational.org Pou plis ransèyman sou Limyè Lavi oubyen Beyond Borders ann Ayiti, oubyen pwogram Repanse Pouwva, kontakte nou (509) 2943 1486, (509) 3617 1815, oubyen fondasyonlimyelavi@gmail.com oubyen ale nan www.beyondborders.net.

CONTACT:

Christians for Biblical Equality
122 West Franklin Avenue, Suite 610,
Minneapolis, MN 55404-2426
Phone: (612) 872-6898
Email: cbe@cbeinternational.org
www.cbeinternational.org